

POU :	Komite Skolè a
SOT NAN MEN :	Brian Marques, Direktè an Chèf Depatman Opòtinite pou Lajènès ("Opportunity Youth")
KOPI POU :	Sipèentandan Mary Skipper
SIJÈ A :	Prezantasyon sou Afè Prezans
DAT LA :	Mèkredi, 22 mas, 2023

Rediksyon anbsantis kwonik esansyèl pou n asire ke tout elèv Lekòl Piblik Boston (BPS) kapab aprann, grandi, e evolye. Pandanke n ap kontinye rekipere anba peryòd pik pandemi a, n ap met aksan sou reetablisman pwen fò kominote skolè nou yo, pandanke n ap devlope yon sans apatenans renouvle toupatou pami tout elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston. Atravè plizyè kalite inisyativ stratejik, n ap bay lekòl yo zouti, resous, ak strikti sipò ki etabli yon modèl sistèm sipò plizyè klasman (MTSS) kòm yon kanal pou kanalize amelyorasyon parapò prezans, patisipasyon, ak divès pratik entèvansyon.

Prezantasyon aswè a ap founi yon rezime jeneral okonplè sou divès done prezans ak divès inisyativ amelyorasyon distri a, patikilyèman konsènan sa ki gen pou wè avèk divès strateji ki chita sou prèv, pou redui absantis kwonik.

Sijè n ap abòde yo ap enkli -

- Definisyon absantis kwonik ak enpòtans li kòm yon endikatè bonè ki revele nivo angajman elèv yo, ansanm ak divès anpechman potansyèl ki ka anpeche yo reyisi lekòl
- Yon egzaminasyon divès done ak tandans parapò a prezans, ki agrege (ki gwoupe ansanm) selon divès gwoup demografik elèv yo
- Strikti kolaborasyon lekòl yo ak distri a ki itilize divès prèv pou idantifye e reponn a bezwen elèv yo
- Divès zouti ak resous tanjib ki founi lekòl yo avèk divès stikti nesès pou amelyore pratik yo parapò ak afè prezans
- Fiti planifikasyon Modèl Rejyonal distri a, ki enkli ogmantasyon kapasite ak plis kowezyon nan plizyè depatman biwo santral la

Divès dyapozitif prezantasyon an, ansanm ak Deklarasyon sou Enpak Ekite a ki akonpaye dyapozitif prezantasyon an (tablo prezantasyon an), ap disponib sou sit entènèt distri a : bostonpublicschools.org/schoolcommittee.